



Pou Piblikasyon Imedya: 1/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONIMAN ISTORIK ETA NEW YORK YO LIMEN AN VYOLÈT AN REKONESANS AK MWA SANSIBILIZASYON SOU EPILEPSI A

Ekleraj la onore 215,000 Nouyòkè k ap viv ak epilepsi ak prèske 9,000 ki fèk dyagnostike chak ane

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke plizyè moniman istorik ak pon atravè New York pral limen an vyolèt an rekonesans ak Mwa Sabsibilizasyon sou Epilepsi a. Evènman an gen pou objektif pou ankouraje sansibilizasyon sou maladi a epi elaji sèvis yo atravè New York.

"Yo te mal konprann epi estigmatize epilepsi a, epi kriz li lakòz yo ka kreye baryè ak edikasyon ak travay, epi mennen nan izolman pou moun k ap viv ak maladi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen rekonesan anvè moun k ap travay pou efase obstak sa yo epi ogmante aksè ak pwogram ak sèvis yo atravè Eta New York."

[Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi \(Centers for Disease Control and Prevention, CDC\)](#) estime ke 215,000 moun nan Nouyòk ap viv ak epilepsi aktif, yon maladi nan sistèm nève santral la ki lakòz kriz. Lòt etid sijere ke prèske 9,000 moun fèk dyagnostike chak ane nan Eta a.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè James V. McDonald, te deklare, "Novanm se Mwa Sansibilizasyon Epilepsi, epi y ap raple sou fason lè yon moun gen yon maladi li ka chanje lavi li, sa ki lakòz pwoblèm nan lekòl oswa travay. Mwen rekonesan pou anpil moun ki gen epilepsi. Gen tretman ki an sekirite epi ki efikas ki pèmèt yo viv lavi yo yon fason epanouyi ak kondisyon kwonik sa a."

Moun ki gen epilepsi kapab tou fè fas ak diskriminasyon lòt moun ki ka pa konprann sa k ap pase pandan yon kriz. Moniman istorik New York yo pral limen an rekonesans ak Mwa Sansibilizasyon kont Epilepsi Nasyonalyo enkli:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la

- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Fairport Lift Sou Kanal Erie
- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou maladi a, tankou fason yo dyagnostike li ak opsyon tretman, vizite [isit la sit entènèt epilepsi](#) Depatman an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)